# ҲҮЖЖЕТЛИ ШЫҒАРМАЛАРДА КОНФЛИКТ ҲӘМ ХАРАКТЕР ЖАРАТЫЎДА АВТОР ШЕБЕРЛИГИ

**Жәримбетова Толғанай Қурбанбаевна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

Сарыгүл Баҳадырова қарақалпақ әдебиятында роман, повесть, гүрриң, очерк жанрында қәлем тербеткен көплеген көркем шығармалардың авторы. Ол тарийхый қаҳарманлар, турмыста ушырасатуғын ҳәр түрли инсанлар ҳәм әдебият майданында хызмет еткен тулғалардың образын шебер дөреткен жазыўшылардан.Оның«Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада…» эссесинде 1938-жылы 10-ноябрьде СССР Жоқарғы әскерий суды Алматы қаласында оны судлайды, айыбы «Жас Ленинши» газетасы арқалы миллий буржуазиялық идеяны тарқатты, совет ҳүкиметине қарсы ҳәрекет етти» деген жала жабылады. И.Фазылов уллы болып, үйинде туўған-туўысқанларына шашыў берип атырған ўақтында, «сен адамларды жыйнап, совет ҳүкиметине қарсы идея тарқатып атырсаң», деп қамаққа алып кетеди. Сол қыйын қыстаўлы ўақытта шайыр 29 жаста болса, қыйын жағдайдан шаңарағына 50 жасынада оралады. «Мен И.Фазылов ҳаққында әңгимелерди балалық күнлеримде анамнан көп еситкен едим. Мениң анам менен Избасар бир үйде тәрбияланып, барлығы аталас туўысқан адамлар екен. Олардың әййемнен бери киятырған ата-бабалары ҳаққында өзлериниң «Шежире» китабы болған. Сол китапты Избасар сақлаған. Ол 1937-жылы қамалғанда китапты жасырып үлгерген. 1951-жылы тюрьмадан шығып келгенде китапты жасырып ағайинлерине таслап кеткен»деп автор ҳүжжетлер тийкарындағы мағлыўматларды берип өтеди [Баҳадырова С., 2002. – 26 б]. Жыллар өтип, жазыўшы ол ҳаққында тереңирек мазмунда «Избасар Фазылов ҳаққында айтқым келеди» көркем-ҳүжжетли повестьти дөретеди [Баҳадырова С., 2019]. Бул шығарма шайыр И.Фазылов өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша автор ҳүжжетлер ҳәм архив материалларына сүйенип жазылғанлығы оның жанрлық-стильлик белгилерин айқынластырады. Шығармада 1998-жыллары С.Баҳадырова Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтының директоры болып ислеп атырған ўақтында И.Фазыловтың 90 жыллығын өткериўди нийет етиўи, Избасардың баласы Бекполатты излеп үйине барыўы, оның менен сәўбетлесиўлери, әкеси бойынша алтынның қыйқымындай етип ҳәр жерден жыйнаған қол жазбалар, ҳүжжетлер, қосықлар бәри бир чемоданда алып келген пайыттағы жағдайлар фактлер менен бериледи.Өзлериниң ата-бабаларының шежиресин XVIII әсирден баслап билип, оларды айтып бериўлерин ҳәм шайыр ҳаққында қайта толықтырылған мағлыўматларды оқыймыз. Кейнинен автор Избасардың ҳаялы

Нәбийра менен ушырасыўы, сол 80 жасында апаның жүзинен нур жаўып турыўы, узақ сәўбетлесиўи менен Избасар Фазылов пенен биргеликте өткерген қыйын дәўирлери, жала дөҳметинен соңғы азаплар, қыйыншылықлар, айыплаўлар, айралық жыллары ҳаққында айтып өтеди.

«… Күнде азаннан-кешке тюрьманың аўзында отырады. Бир күни «Избасарды ертең тюрьмадан алып кетеди» деген хабарды еситти. Баласын алып тюрьмахананың алдында отырып алды. Түстен кейин тюрьмахананың темир дәрўазасы ашылды. Ишинен үсти бастырыўлы машина шықты. Ишинде Избасар бар. Нәбийра баласын көтериўи менен машина менен жарыса жуўырды. – Избасар, бизлер аманбыз, мине балаң Бекполат!-деди. Басқа сөз аўзына түспепти. Ол сап-сары болып кеткен екен. Нәбийраға, баласына қарамады да, бийтаныс адамдай узақ мәнзилге көз тигиўи менен кетти. Нәбийра баласын қушақлап жылаўы менен жолдың ортасында қала берген» [Баҳадырова С., 2019. – 41 б]. Автордың бул повестинде қаҳарманның руўхый кеширмелерин, ишки сезимлерин, ҳәр түрли психологиялық жағдайларын ҳүжжетлер негизинде сүўретлеўи қаҳарман турмысының жәмийетлик әҳмийетли тәреплерин исенимли ашып бериўге бағдарланған. Көркем-ҳүжжетли повестьлерде тарийхый хақыйқатлықты қайта тиклеўде, елеўли тарийхый ўақыялардың толық картинасын жаратыўда, оның ҳүжжетлерде өз көринисин таппаған тәреплери туўралы да мағлыўматларды бере алады.

Әдебияттағы ҳәр қандай қаҳарман образы, олардың минез-қулқы, әдеп-икрамлылық белгилери, ис-ҳәрекетлери – барлығы өмирдиң өзинде бар нәрселерге тийкарланып дөретиледи. Солай екен, ҳәр бир көркем-ҳүжжетли шығармалардың қунлылығының, мазмунының жоқары шыңына жетиўинде автор өмирде аласапыранлы жағдайлардан өткен адамлардың турмысынан қаҳарман характерин жаратып бериў шеберлиги турады.Тарийхты билиў, өтмиштиң ийгиликли уллы ислеринен руўхланыў, үлги алыў, аўыр ҳәм өкинишли күнлеринен сабақ алыў – бүгинги әўладтың билим ҳәм мәдений дәрежесин, мәнәўий жетиклигин тәмийинлейди. Бул бағдарда көплеген көркем өнер ҳәм әдебий шығармалар жазылды. Усындай темасының жаңалығы, көркемлик дәрежеси, оқыўшы ойына терең ой салыўы менен өзгешеленип туратуғын жазыўшының және бир дөретпеси «Қанатынан қайырылған суңқар» атлы ҳүжжетли повестин айтсақ болады [Баҳадырова С., 2007].

Шығармада қарақалпақ әдебиятының белгили илимпазы ҳәм бириншилерден болып, докторлық диссертациясын жақлап шыққан Нәжим Дәўқараевтың миллий әдебиятымыздың раўажланыўына өз үлесин қосыўы, руўхый ғәзийнемизге болған садықлығы, әдеп-икрамлылық белгилери, ҳәрекетлери, турмысында болып өткен қыйыншылықлары, жала-дөҳметке ушыраўы, улыўма инсаныйлық, этикалық, мораллық пазыйлетлери берилген.

Сөз етилип атырған повесть ҳүжжетли материалларға толы болыўы менен бирге ондағы қаҳарманлардың көпшилиги ҳақыйқый өмир сүрген адамлар. Жазыўшы алым Н.Дәўқараев пенен заманлас болған адамлардың өмир жолларын, ис-ҳәрекетлерин, ишки дүньясын, психологиясын жүрек сезимлеринен, көркем эстетикалық ой елегинен өткерип, поэтикалық образ ҳалында оқыўшыға усынады. Повестьтиң баслы орайында әдебиятымызда терең из қалдырған Нәжим Дәўқараевтың көркем әдебий образы турады. Жазыўшы тәрепинен оның жан дүньясының гөззаллығы, ҳадаллығы, дүньятанымының кеңлиги, инсаныйлық пазыйлетлери, илаҳий дөретиўшилик дүньясына болған умтылыслары, жала бәлесине түсип қалған жағдайлары, қыйыншылықлары, шаңарақта тутқан орны шеберлик пенен сүўретленген. Демек, бул ҳүжжектли повестте Н.Дәўқараевтың ҳәм илимпаз сыпатындағы, ҳәм өмирлик жолдас, әке сыпатындағы келбети ашып бериледи.

Повестьте илимпаздың ишки руўхый дүньясын ашып бериўде автор тәрепинен тәсирли поэтикалық баянлаўлар қолланылған. Мәселен, «Әсирлер бойы дәстүрин жоғалтпай, ата-мәканын сақлап, ҳеш ким менен урыспай, парахат жасаўдан басқа өмирди билмейтуғын бул мийнеткеш халқымның ескиден киятырған мәдениятын, әдебиятын толық изертлеп дүньяға танытыў мениң ҳәм парызым ҳәм қарызым, деди ишинен» [3.13-14]. Бул шын кеўилден берилген, илим жолына пида болған ҳақыйқый жан күйердиң тәбияты. Илим изертлеўшиниң илимди өзгеше қабыллаўы, патриотлығы, оған кыянет етпеўи, терең сүйиспеншилиги келтирилген қатарлар тәбийғый ҳалында берилген. Автор бул ҳақыйқатлықты терең түсинип, илимпаздың ишки дүньясын миллий әдебиятымызға болған өзгеше қатнасы арқалы ашып береди. Н.Дәўқараевтың илим жолына гүзар салыўында қазақ әдебиятының көрнекли ўәкили Мухтар Әўезовтың өзи жетелейди. Ол талантлы әдебиятшылардан мол тәжирийбе топлап, қарақалпақ халқының фольклорының, классик ҳәм совет дәўири әдебиятының тарийхын жазды. Қазақстан жеринен Москва қаласына оқыўға кетиўи керек еди, лекин жүрегинде шертилип турған елине болған сағынышы оны өз журтына алып келеди. Мысалы, «Нәжим үйине қайтып келип, анасы менен сәўбетлеседи. - Балам, кеңес ҳүкиметиң тынышланбады ғой? Бир бәледен соң және бир бәле еле кеңестиң душпаны түўсилмей атыр ма? – Жоқ апа, олар еле сол «душпан»ды излеп атыр. Бул рет Айбек «Наўайы» ҳаққында роман жазды. Мухтар Әўезов «Абай»ды жазды. Бәриниң жағдайы жаман қусайды. Айбек, Ғафур Ғуламның атын еситкенде Улхан апа ойланып қалды. Усындай еси ақылы пүтин, сондай алтын сақадай жигитлерди қараламақшы болып атырған болса, бул қалай болғаны. – Сен ше? Ески заманды жазғаның жоқ-ғой. – Қайда апа, мен роман жазбағаным менен кандидатлық, докторлық диссертациямда қарақалпақ халқының ески мәдениятын, әдебиятын мақтап

қойыппан» [3.16]. Бул қатарларда повесть авторы алымның түби жоқ ойда жүриўин, бурмаланған дәўирде ол сыяқлы әдебиятшылар, жазыўшылар кыйын жағдайға түсип қалғанын оның анасының пикиринен береди.

Күнлердиң биринде ол «Советская Каракалпакия» газетасында И.Ефимовтың авторлығындағы «Брошюра содержащая идеологические извращения!» атлы мақала ишинде өзиниң жазғанлары идеологиялық жақтан бурмаланғанын көрип ҳайран қалады. Повесть авторы оның дөхмет бәлесине түсип қалғанына усы бир мақала, сол дәўирдеги сиясаттың күшли тәсирин сәўлелендиреди. Бул мақаладан соң Н.Дәўқараев ушын барлық есиклер жабылады. Белгили илимпаз Қаллы Айымбетов Нәжим ҳеш қандай буржуазиялық-миллетшил емес, деп жыйналысларда қорғаны менен партия оны турпайы қәтелерин мойынламағаны ушын Советлер Союзы Коммунистлер партиясының қатарынан шығарылсын, деген қарарға келеди. Сондай жағдайда да алым халқым ушын ислеген хызметим ҳәм ҳақыйқатлық әлбетте, бир күни жүзеге шығады, деп исенеди. Усы орында автор усындай аўыр жағдайларда да оның ақыл-парасатын, шыдамлылығын, жокары инсаныйлық пазыйлетлерин, әдебиятымыз ушын жанкүйерлик етиўлерин көз алдымызға геўделендиреди. Автор шаңарақтағы мүсийбет ҳаял адам ушын аўыр ҳалат болатуғынын қаҳарманның анасы Улхан апа ҳәм өмирлик жолдасы Валифаның муңлы ҳалаттағы образы арқалы шебер сүўретлей алған. Мысалы, «- Балам, деди қамсығып Улхан апа, сөзиниң изин айта алмай еңиреп жиберди. Ол «балам, сениң изиңде мен жыламағайман, сениң топырағың маған буйырғай» деп айтпақшы еди, оғапн аўзы бармады» [3.33]. Өз перзенти, азаматы ушын шеккен ҳәсирети, уйқысыз түнлери оқыўшыларға айрықша руўхый қозғаў салады, меҳрийбанлық, ойшаңлық сезимлер пайда етип отырады.

Ҳәр қандай шығарманың шырайын шығаратуғын, өткирлигин, тартымлылығын, көркемлик ҳәм идеялық қунын арттырыўға жәрдемлесетуғын көркем әмеллердиң бири конфликт. Ол персонажлардың минезлериниң, мәплериниң қарама-қарсылығы тийкарында пайда болады ҳәм сюжет ўақыяларын раўажландырады [4.104]. Мәселен, «... Дәўқараев партия ағзасы ретинде өз қәтесин мойынлаўы керек. Ефимовтың мақаласы дурыс жазылған. Дәўқараев буржуазиялық-миллетшил көз-карасы ушын жаза алыў керек. Мен Ефимовтың кртикикасына қарсы емеспен. Қәтеси болса қәлеген адамды критикалаўға ҳақың бар. Яқшы сизлердиң айтқаныңызға келисим берейин, мақаланың дурыслығын дәлийллеп бериңши, маған. Сонда биз Бердақты қалай реакцион шайыр деймиз? Оның барлық шығармасы халықлық идея менен суўғарылған болса? Руслар ҳаққында қалай жазады, ол руслар менен жақынласпаса? Биз оны қалай айыплаймыз? –деди көпшиликке қарап. Отырғанлар тым-тырыс. Жыйналыс қарар шығарды. Қарарда Дәўқараев совет

ҳүкиметиниң душпаны, бай баласы, сонлықтан ол совет ҳүкиметиниң идеологиясын бурмалап отыр» [Баҳадырова С., 2007. – 41 б]. Тереӊ пикирге ийе, талантлы, халықшыл илимпазды жәмийеттен түп тамырынан қопарып таслайтуғынларды автор жүдә өткир картинада сүўретлейди, ал, Дәўқараевтың жанкүйерлик сезимлери менен берилген гуманизмге толы болған толғанıслы сөзлери болса итибарымызды тартады.

Сезип отырғанымыздай, бул сөзлер арқалы әдебий қаҳарман Н.Дәўқараевтың тереӊ ойлы сөзлери поэтикалық тил менен берилген ҳәм ол ушын өмир ўақыяларының өткир детальлары сюжет композициясына енгизилген. Әпиўайыластырып айтатуғын болсақ, жазыўшы алымның өмир ўақыяларын объектив түрде кеӊ етип дизип берип отырмайды, ал, оларды қаҳарманның жүрегинен, оның ой-сезимлеринен өткерип, эмоционаллықты күшейтип, зәрүрли сюжетлик детальларды сайлап берип барады. Сондай-ақ, қаҳарманның иши толы патриотлық сөзлери арқалы реализм менен ҳақыйқатшылық принциплерин арттырып ҳәм жетилистирип тәбийғый түрде оқыўшыларға жеткерип бере алған. ХХ әсирдиң көрнекли илимпазы, қарақалпақ әдебиятының жанкүйери Нәжим Дәўқараев сыяқлы ири сөнбес илимпаздың келбетин, онын умытылмас дағлы күнлери-ҳәсирет ҳәўирин, ислеген хызметлерин конкретлеститип ашып бериўи автордың шеберлиги, тапқырлығы деп айтсақ болады.

Жуўмақластырып айтсақ, жазыўшы С.Баҳадырова алым Н.Дәўқараевтың қарақалпақ әдебиятына қосқан үлесин, усы майданда ерискен табысларын, алға қойған мақсетлерин қурғақ фактлик мағлыўматлар қоршаўында қалдырып қоймастан ҳүжжетли повестьтиң барлық талапларына жуўап берген ҳалда түрли жаӊаша формаларда, мазмунларда береди. Бул повестьте сюжеттиң дүзилиси, қаҳарманның образын жаратыўда руўхый жағдайларды сүўретлеўлер, мағлыўматлар, диалог, монологлар, эпизодлар қусаған бир қатар композициялық әмеллер шебер пайдаланылған. Повестьте автор тарийхый адамларды тек тарийхый ўақыялар, мағлыўматлар, шараятлар фонында көрсетип қоймастан, оларды ел, халық, миллет тәғдири, руўхый дүньясы менен тутастырып, ўақыяларды көркем сүўретлемелери арқалы сәўлелендире алған.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Баҳадырова С. Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада // «Әмиўдәрья» журналы, 2002. – №2.

2. Баҳадырова С. Избасар Фазылов ҳаққында айтқым келеди // «Әмиўдәрья» журналы, 2019. – №2.

3. Баҳадырова С. Қанатынан қайырылған сүнқар // «Әмиўдәрья» журналы, 2007. – №2-3.

4. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1994.